# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

अठारहवीं लोकसभा क नया अध्यक्ष के रूप में एक बेरि फेर भाजपा सांसद ओम बिरला आजु ध्वनिमत से चुनि लिहल गइल हवें। श्री बिरला पछिला लोकसभो में अध्यक्ष रहलें। बिपक्ष येह पद खातिर कांग्रेस सांसद के. सुरेश के आपन ओम्मेदवार बनवले रहे, बाकिर ऊ सदन में मत बिभाजन क जांचि नाहीं कइलें। चुनाव के बाद प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, बिपक्ष क नेता राहुल गांधी अउर संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू श्री बिरला के अध्यक्ष के आसन तक ले गइलें। एहसे पहिले जब आजु भिन्नहीं सदन क बइठकी सुरू भइल त प्रधानमंत्री अर राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन क बारह अउरियो नेता लोगि श्री बिरला के अध्यक्ष के रूप में चुने बदे प्रस्ताव पेस कइलें। बिपक्ष के ओरि से शिवसेना (यूबीटी) नेता अरविंद सावंत, राष्ट्रवादी कांग्रेस पारटी (शरद पवार) क सुप्रिया सुले अउर समाजवादी पारटी क आनंद भदौरिया श्री सुरेश के पक्ष में प्रस्ताव पेस कइलें। अपने सम्बोधन में श्री ओम बिरला दुबारा सदन क अध्यक्ष के तौर पर कार कइले क मौका दिहले अउर उन पर भरोसा जतावे बदे सदन के सज्जो सदस्यन के धन्यवाद दिहलें।

श्री बिरला कहलें कि अठारहवीं लोकसभा हमरे नया विजन अउर नया संकल्प क सभा होखे के चाही। देस के समने ज्वलंत मुद्दा पर सारथक चरचा अउर संवाद हो। बिकसित भारत क संकल्प के पूरा कइले क इच्छासक्ति के साथे हम सब कार करीं।

एहसे पहिले प्रधानमंत्री श्री बिरला के उनके निर्वाचन पर बधाई देत कहलें कि श्री बिरला के दुसरकी बेरि निर्वाचित भइले से आजु इतिहास बनल हौ। प्रधानमंत्री कहलें कि सांसद के रूप में श्री बिरला क कार नया सदस्यन बदे प्रेरणास्रोत होई। बिपक्ष्ज्ञ क नेता राहुल गांधी श्री बिरला के बधाई देत कहलें कि ई सदन के लोगिन के आकांक्षा क प्रतिनिधित्व करे ला। उहां के श्री बिरला के सदन के सुचारू संचालन में बिपक्ष के सहजोग क भरोसा दिहलें।

**********

कांग्रेस सांसद राहुल गांधी लोकसभा में बिपक्ष क नेता होइहें। पारटी महासचिव के.सी. वेणुगोपाल बतवलें कि पारटी संसदीय दल क अध्यक्ष सोनिया गांधी अस्थाई अध्यक्ष भर्तृहरि मेहताब के चिट्ठी लिखि के एकर जनकारी दिहलिनि। कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे के आवास पर काल्हि इण्डिया गठबंधन के घटक दलन क नेता लोगिन क बइठकियो भइल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू बिहने दुन्नो सदन के संयुक्त बइठकी के सम्बोधित करिहें।

ओहर सुल्तानपुर कोर्ट, मानहानि के एगो मामिला में कांग्रेस सांसद राहुल गांधी के दुइ जुलाई के तलब कइले हौ। श्री गांधी पर पांच बरिस पूहिले कर्नाटक विधानसभा चुनाव के दौरान गृह मंत्री अमित शाह पर आपत्तिजनक टिप्पणी कइले के मामिला में केसि चलि रहल हौ। येह मामिला में श्री गांधी बीतल बीस फरौरी से जमानति पर हवें।

**********

नीट परीक्षा घोटाला क जांचि बदे एगो केन्द्रीय दल महाराष्ट्र के बीड पहुंचि गइल हौ। पुलिस सूत्रन के हिसाबि से टीमि जिला के मजलगांव तालुका के कुछु सिक्षकन से पूछताछ कइले हौ।

**********

दुनिया भर में नसीला दवाई क दुरूपयोग स्वास्थ्य अउर सामाजिक कल्याण बदे एगो बड़हन खतरा बनल हौ। नसीला दवाई के दुरूपयोग अउर अवैध तस्करी के खिलाफ अन्तर्राष्ट्रीय नया निरोधक दिवस, छब्बीस जून के मनावल जाला।

भारत में नसीला दवाई के मांगि में कमी बदे, सामाजिक न्याय अउर अधिकारिता मंत्रालय के ओरि से राष्ट्रीय कार्ययोजना के तहत कार कइल जा रहल हौ। नसा क आदी लोगिन बदे तीनि सौ बेयालीस से बेसी एकीकृत पुनर्वास केन्द्रो बनावल गइल हौ। नसा छोड़ले में मददि करे बदे सरकार एगो हेल्पलाइन नम्बर– एक चारि चारि चारि छौ सुरू कइले हौ। येह हेल्पलाइनि के जरिया से लोगिन के प्राथमिक परामर्स अउर जुरते रेफरल जइसन सेवा दीहल जा रहल हौ।

**********

एक जुलाई से देस भर में लागू होखे जा रहल नया आपराधिक कानून में रोसियन के खिलाफ कठोर प्रावधान कइल गइल हौ। न्याय सुधान के भावना में भारतीय न्याय संहिता, भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता अउर भारतीय साक्ष्य अधिनियम अंतरराष्ट्रीय निहितार्थन के सथहीं अभूतपूर्व प्रावधान पेस करे ला। एहमें अन्तर्राष्ट्रीय अपराध वाले मामिलन में सहजोग बदे उन्नत रूपरेखा अउर नया प्रावधान हौ। येह कानूनन के लागू भइले से घोसित अपराधियन क बिदेस में सम्पत्ति क कुड़की हो सकी। सथहीं बलत्कार, हत्या, संगठित अपराध, आतंकवादी गतिविधि के साथे सौ से बेसी अपराधन के कानून में सामिल करत दायरा बढ़ावल गइल हौ। ई कानून जांचि में अन्तर्राष्ट्रीय एजेंसियन के साथे सहजोग क प्रोत्साहित करे ला।

**********

प्रदेस के कई जिलन में आजु भइल बरखा से मौसम सुहाना हो गइल हौ। कई जिलन के तापमानों में गिरावट दरज कइल गइल। गोरखपुर, अम्बेडकरनगर, बदायूं, सुल्तानपुर के सथहीं अउरियो जिलन में बरखा से लोगिन के गरमी से राहति मिलल हौ। मौसम विभाग अगिला चारि दिन खातिर प्रदेस के कई जिलन में बरखा क ऑरेंज अलर्ट जारी कइले हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से पच्छिमी उत्तर प्रदेस में तीस से चालीस किलोमीटर प्रतिघंटा के रफ्तार से बेयारि चलले अउर बरखा भइले क सम्भावना हौ।

**********